

# Akademi Kreyòl Ayisyen : yon zouti enstitisyonèl pou entegrasyon lengwistik popilasyon ayisyen an

Komite Pou Tabli  
Akademi Kreyòl Ayisyen an

**Akademi kreyòl Ayisyen an pran sous nan nesesite pou kòlte ak yon seri pwoblèm moun ki pale lang kreyòl rankontre nan peyi d Ayiti.** Pwoblèm sa yo gen anpil pou yo wè ak listwa nou kòm pèp ki te kolonize, yo gen pou yo wè tou ak makfabrik miwomiba nan peyi a depi pase desan (200) lane. Lang franse ansanm ak tout sa ki reprezante loksidan toujou fè moun ki pale franse pase pou gress siperyè devan sila yo ki pale kreyòl sèlman. Kidonk, poze pwoblèm lang kreyòl la se poze pwoblèm moun ki pale kreyòl sèlman rankontre nan peyi a depi fondasyon nanchon an. Anmenm tan, aji sou pwoblèm sa yo, se aji sou rapò miwomiba ki tabli nan peyi a, se aji tou sou kalte rapò leta vle tabli ak prèske tout popilasyon an ki pale kreyòl sèlman. Se nan sans sa a, nou ka wè nan atik 213 konstitisyon 1987 la volonte leta ayisyen pou li bay tèt li zouti enstitisyonèl ki pèmèt li fini ak rapò miwomiba nan sa ki konsène lang moun pale nan peyi a. Atik 213 la pa mache pou kò 1, li mariné ak yon ansanm lòt atik nan konstitisyon an tankou atik 5, 24-3, 42, 214. Ansanm atik sa yo jwenn sous enspirasyon yo nan entwodiksyon konstitisyon an ki di aklè leta n ap tabli a, se yon leta ki deside elimine tout baryè ak tout rapò miwomiba nan peyi a.



Sergine ANDRÉ, *Sans titre*, 2004

**A**lapapòt, yon premye kesyon ta ka parèt konsa : depi lane 1987, ki avanse leta d Ayiti fè nan fini ak rapò miwomiba nan sa ki konsène lang kreyòl ? Kesyon sa a ta ka sèvi pou tout kalte rapò miwomiba leta ayisyen pran angajman pou li kraze. Men ann rete toujou nan koze lang lan. Ki mòd aplikasyon divès atik sou lang kreyòl la rive jwenn ? Kibò nou ye nan mete akademi an sou pye ? Èske aplikasyon atik konstitisyon sa yo se yon bagay fasil, oubyen se yon chimen ki chaje pikan kwenna ? Si li ta genyen, Ki kalte pikan kwenna konsa ? Kisa ki fèt déjà pou rive janbe yo ? N'ap mande tèt nou tou si pa gen yon bann travay ki te fèt déjà ki te mennen konstitiyan 1987 yo tabli sou koze lang kreyòl la ?

Ansanm kesyon sa yo kwaze ak enterè nou pou montre aklè, kouman nesesite pou mete Akademi an kanpe gen menm enpòtans ak pwoblèm lengwistik popilasyon ayisyen an ; sa ki egzije nou pati depi nan kontèks lengwistik peyi a, pase pran *inisyativ pou mete akademi an sou pye*, pou rive sou *Avanpwojèlw sou Akademi Kreyòl Ayisyen an*.

**Kontèks lengwistik nan peyi a**  
*Lang kreyòl : galata konesans nan peyi a*

Pou lonmen non lengwis ayisyen  
Yves Déjean, *Ayiti se youn nan ra*

*peyi kote tout popilasyon an pale yon menm lang ki se kreyòl, menm-si nou ka jwenn yon ti gwoup moun ki pale youn oswa plizyè lòt lang.* Sa ta ka kòmanse fè nou reflechi sou rapò popilasyon ayisen an ak lang kreyòl la. Lè nou konnen pou li pwodui lavi li chak jou, li fè eksperyans yon ansanm aksyon sou lanati pandan 1 ap pwodui anvi-wonnman li a ;lè nou konnen tou ansanm eksperyans sa yo pa fèt san moun pa tabli rapò youn ak lòt eksperyans sa yo fèt nan lang kreyòl la e ak lang kreyòl la. Nou ka konprann nesesite pou kanpe lang kreyòl kòm youn nan gwo papòt pou antre nan nannan lavi popilasyon an, paske eksperyans popilasyon ayisen an se sitou eksperyans lang kreyòl la, kit se eksperyans popilasyon an ap fè nan pwodui lakonesans, oswa eksperyans estetik, politik ak lòt ankò. Anplis se yon mwayen komunikasyon, lang kreyòl la se yon gwo galata kote nou ka jwenn tout konesans, pratik lavi ak lide popilasyon an pwodui. Li marin en ak ansanm *mannyè nou ye, Mannyè nou panse, Mannyè nou aji, Mannyè nou santi*.

Boude lang kreyòl la se boude ansanm eksperyans sa yo ki fèt nan peyi a, se rate possiblite tou pou po-pilasyon an fè yon bilan serye sou sa li pwodui pou tèt li e pou lima-nite. Boude lang kreyòl la, se si-men pikankwenna sou chimen jefò k ap fèt pou ranmase ansanm eks-peryans popilasyon ayisen an.

#### *Rapò miwomiba lang kreyòl la sibi de plis pase desan (200) lane*

Si nou byen gade, depi kreyasyon leta ayisen, otorite ak enstitisyon nan peyi a ap tchoule lang kreyòl la nan yon kwen. Menmsi Leta

ayisen te tann lokipasyon Etazini pou ofisyalize lang franse nan peyi a nan lane 1918, li te deja chwazi voye kreyòl la sou kote nan tout sa 1 ap regle. Konsa nou tonbe bab pou bab ak yon reyalite kote tout yon popilasyonpale yon lang epi leta limenm ak tout enstitisyon li yo ap pale yon lòt lang. Sa ki te ka fè nou mande tèt nou si se pa popi-lasyon ayisen an leta ayisen ap bay sèvis. E si se ta sa, èske leta ayisen pa ta dwe pale nan lang tout popilasyon ayisen an ?

Kote sa pi rèd la, se nan sa ki kon-sène ledikasyon ak lajistis.

Kòman nou ka rive konprann yo mande yon timoun vire do bay tout sa li te aprann, lè li te premye ap aprann pale? Kòman nou ka rive konprann yo mande yon timoun coupe fache ak tout bèl ti souvni li yo, lè li te fèk kòmanse ap dekou-vri anviwònan li ? Kòman nou ka rive konprann yo fè yon timoun kwè lang manman 1 ak papa 1 pale a, se pa lang moun pale ? Èske se pa di yo di 1 manman 1 ak papa 1 pa moun ? Kòman nou ka rive kon-prann yo bay yon timoun pinisyon paske li pale yon lang, e se pa nen-pòt kilang, se lang kote li kòmanse pwodui lavi li kòm moun ?Èske se pa entèdiksyon yo mete sou egzistans li kòm moun ?E sa ki pi rèd la, kòman nou ka rive konprann yo re-le yon timoun ki pale kreyòl sou pwent lang li li kreten paske li poko ka pale franse ? E pou sa ki konsène lajistis, kòman yo ka rive jije yon moun selon yon lwa ki pa pale menm lang ak li ?Kòman yo ka rive jije yon moun anndan yon tribal kipa pale lang li ?Èske pa-wòl ki di « pyès moun pa dwe pa konnen sa lalwa di » a ka aplike sou yon popilasyon ki pa pale menm lang ak lalwa ?

#### **Kote sa pi rèd la, se nan sa ki konsène ledikasyon ak lajistis**

Nou ka konprann pil difikilte sa yo gen anpil pou yo wè ak plas moun ki pale kreyòl sèlman nan peyi a. Yo jèmen nan listwa esklavaj peyi a, nankòkòday otorite leta ayisen ak pratik e lide kolonizasyon yo. Nan sans sa a, pwoblèm lang kreyòl la ale pi lwen pase yon senp koze lang. Pou n ta di 1 yon lòt jan, koze lang lan pa senp. Paske koze lang lan trennen dèyè 1 tout sa ki gen pou wè ak fason moun kon-prann egzistans yo, fason moun idantifye tèt yo epi idantifye lòt moun. Sa ki marin en ak jefò pou moun fè developman materyèl, entèlektyèl ak afektif.

#### *Konstitisyon 1987 la : yon volonté pou coupe fache ak rapò miwomiba*

Nou ka mande tèt nou si se pa enterè sa yo konstitiyan yo te genyen, oubyenèsko se pa revandikasyon sa yo yo te gen devan yo ki te blije yo pale de :« *elimine diskriminasyon sou kesyon lang, killti, sou zòn kote ou rete, kit lavil kit andeyò, ak diskriminasyon sou developman moun sou plan materyèl, moral ak entèlektyèl* »<sup>1</sup>? Divès atik sou lang kreyòl la jèmen nan lide sa a, konsa leta dakò reyalite lengwistik peyi a kote se lang kreyòl la ki simante tout ayisen. Sa ki tou egzije leta ak tout enstitisyon li yo pou yo pa-le menm lang ak popilasyon an, pou lajistis pale menm lang ak po-pilasyon an ; pandan 1 ap kreye yon enstitisyon li rele Akademi ayisen ki la pou pran responsabli-te lang kreyòl la nan developman 1 ak anrichisman 1 nan pratik lavi popilasyon an.

## Inisyativ pou mete Akademi an kanpe

### *Obsèvasyon sou aplikasyon atik konstitisyon yo sou lang kreyòl*

Plis pase 20 lane pase, Akademi ayisyen an pa janm rive egziste nan reyalite a. Atik 213 ki pale sou kreyasyon akademi an, ansanm ak atik 214-1 ki di lalwa bay ki jan pou mete Akademi an kanpe pa janm rive aplike. Men se pa sèlman sa a. Depi plis pase 20 lane, lajistis toujou kontinye pale yon lang kipa lang prèske tout popilasyon an; sistèm edikatif la pa janm rive deside bay lang kreyòl la plas li kòmsadwa ; leta pa janm tabli komunikasyon ak popilasyon an jan sa ta dwe fèt nan lang popilasyon an, kit sa konsène lwa k ap sòt lachann, dekrè, ak tout lòt dokiman ki angaje avni nasyon an. E si nou ta voye je gade lòt sektè, nou ta ka wè gen anpil avanse konstitisyon 1987 la kipa janm rive aplike kòm-sadwa.

### *Kreyasyon Komite Inisyativ pou mete Akademi an sou pye*

Nan mwa oktòb 2008 Invèsite Le-ta d Ayiti a pran angajman pouli travay pou mete Akademi an kan-pe. Konsa prese prese, Invèsite a pran kontak ak lòt enstitisyon ki travay sou lang kreyòl, ki travay nan lang kreyòl e ki enterese pou vansman lang kreyòl la, pou mete yon komite inisyativ sou pye. Nan Komite Inisyativ sa a, nou jwenn: Invèsite Leta d Ayiti a, Sekreteri d Eta pou alfabetizasyon, Près nasyonal d'Ayiti, Konfederasyon Nasyonal Vodou Ayisen, Jounal Bon Nouvel.

Komite Inisyativ la tanmen travay pandan diferan aktè yo te genyen klè nan tèt yo : goumen pou vans-

man lang kreyòl nan peyi a, se goumen kont rapò miwomiba. Kidonk, batay sa a

Kwaze ak enterè moun ki pa twò danse kole ak lang kreyòl la. Kidonk se pa senpman moun ki enterez ak vansman lang kreyòl la ki egziste nan peyi a, gen moun tou ki ta renmen pou lang kreyòl la toujou rete nan kwen, yon fason pou rapò sa yo pa chanje. Menm jan gen moun ki ap travay pou kraze baryè, gen moun k ap monte baryè dominasyon yo. E koze lang lan se youn nan kalfou kote batay sa yo pi mangonmen. Se nan sans sa a, Komite Inisyativ la fè yon deklarasyon ofisyèl nan dat 28 oktòb 2010 nan okazyon jounen lang kreyòl pou renouvele angajman li nan batay pou vansman lang kreyòl la, epi li di aklè volonte 1 pou 1 travay jouk akademi Ayisen an tabli.

Men, anmenm tan tou, Komite Inisyativ la bite sou kèk kesyon tankou :Èske tout moun k ap travay pou vansman lang kreyòl la mache dèyè lide pou mete Akademi an sou pye ? Èske kèk lòt eksperyans Akademi pa sèvi baryè nan jefò k ap fèt pou mete akademi an sou pye ? Konsa, kesyon yo pa sèlman konsène nesesite pou kwape rapò miwomiba sou koze lang kreyòl la. Kesyon yo konsène tou kalte ensti-tisyon n ap met kanpe a : kisa 1 ap genyen kòm misyon, kòm travay,e sou ki baz li pral fonksyone ?

Divès refleksyonsa yo mennen nou dirèk dirèk nan kòlòk entènasyonal ki te òganize sòti 27 pou rive 29 oktòb 2011.Jan tèm kòlòk la di li a, jefò sa reponn ak lide pou debleye teren sou sa ki dwe fèt pou rive mete yon enstitisyon se-rye sou pye. Enstitisyon sa a ta ka pran res-pponsablite fè lang kreyòl la vanse. Kòlòk entènasyonal sa a reyini yon seri chèchè nan divès

domèn syans sosyal ak pwofesyonèl ki travay nan lang kreyòl, nan lide pou te rive abòde pwoblèm nan nan divès fasèt li. E sou baz sa a, diferan tematik ki te rive trete yo chita sou de gwo aks : lang kreyòl la menm ; lang kreyòl la kòm youn nan ekspresyon rapò miwomiba ki egziste nan peyi a. Kòlòk sa a sòti ak de gwo avanse : premye a, se nesesite pou mete yon enstitisyon sou pye pou pran responsabilite travay pou lang kreyòl la vanse. Se nan konprann reyalite sosyolen-gwistik peyi a n ap rive konprann ki kalte pwoblèm akademi Ayisen an va genyen pou li rezoud.

### **Komite Pou Tabli Akademi Kreyol Aysyen An :**

- *Fritz DESHOMMES, Vis Rektè Invèsite Leta d'Ayiti*
- *Adeline CHANCY, Edikatris*
- *Yves DEJEAN, Lengwis*
- *Nirvah JEAN JACQUES, Pwofesè Invèsite*
- *Claude PIERRE, Ekriven*
- *Pauris JEAN BAPTISTE, Lengwis*
- *Rachelle DOUCET, Antwopològ*
- *Jean Léon AMBROISE, Pwofesè*
- *Pierre Michel CHERY, Ekriven*
- *Sony ESTEUS, (Sosyete Animasyon Kominitikasyon Soyal (SAKS))*
- *Gregory CALIXTE, (Sekreteri d Eta Alfabetizasyon, (SEA))*
- *Rodny ESTEUS, Revisè*
- *Luna GOURGUE, Pwofesè*
- *Rosilia FRANCOIS, (Jounal Bon Nouvel)*
- *Monique ELICART, Sekretè.*

### **Notes:**

*Komite swivi kolòk la, ak bourad rektora-a nan tèt kole ansanm ak Ministè ak sekreteri Deta ki konsène, ancahje pou redije ak difize tout sa ki soti anndan kolòk la. Li elabore yon avanpwojè lwa sou Akademi-a.*

<sup>1</sup> « Konstitisyon sa a la, pou gouvneman an respekte tout dwa tout kreyen vivan genyen; Dwa pou yo viv lib. Dwa pou yo viv alèz. Dwa pou yo toujou kapab di mo pa yo, nan jan pou peyi a mache, dwa pou tout sitwayen nan tout peyi a bay dizon yo nan tout desizyon k ap pran ». Tèks deklarasyon ki entwodui konstitisyon 1987 la